

Peyi mwen renmen an

Peyi mwen renmen an

Se peyi mèvèy

Li bèl kou lalin ak solèy.

Lè li tris mwen nan lapenn

Lè li ge mwen chante ak li.

Peyi mwen renmen an

Se bonè mwen

Se fyète mwen

Se mizik pou bannanj mwen

Se souf mwen

Se limenm ki fè san mwen mache.

Peyi mwen an

Se peyi ou tou.

Lè li kagou

Se pou ou karese li.

Lè li febli

Ou dwe ba li manm

Lè li ap chavire

Se pou ou drese li.

Peyi mwen renmen an

Se peyi nou tout.

Peyi ki nan kè mwen an

Se Ayiti!

Texte de **Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj)**

tiré de Lèt lfe ak Soul,

Edisyon Productions Koukouwouj, 2007.